



Pou Piblikasyon Imedya: 19/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PATENARYA BIWO SAN DANJE POU COVID NEW YORK FORWARD LA POU ELAJI AKSÈ AK TÈS POU ANPLWAYÈ YO

21 pwopriyetè komèsyal nan Vil New York ak rejyon nò Eta New York te angaje yo pou fasilite tès la

Elaji aksè ak tès COVID-19 la se kle pou re-ouvèti san danje ekonomi an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a patenarya Biwo San Danje pou COVID New York Forward la avèk gwo patnè imobilye komèsyal pou elaji aksè ak tès COVID-19 pou anplwayè yo. Nan kad inisyativ sa a, 21 pwopriyetè k ap patisipe te angaje yo pou bay espas ak fasilite aksè pou sèvis tès yo pou lokatè ki enterese nan reyalize tès dyagnostik regilye pou anplwaye yo.

"Depi nan kòmansman pandemi an, New York te toujou deklare ke rekiperasyon nou se pa yon chwa ant sante piblik ak ekonomi an - li dwe tou de - epi avèk patenarya sa a n ap demontre kijan nou ka rive akonpli objektif nou yo byen", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo patenarya sa a avèk gwo konpayi imobilye komèsyal yo se pwochen etap pou revigore sant iben ak biwo komèsyal nou yo, sipòte ekonomi etatik ak rejyonal yo. Plis aksè nan tès pral ankouraje davantaj rekiperasyon ekonomik Eta New York la nan ankouraje anplwayè ak anplwaye yo pou retounen san danje nan travay gras ak itilizasyon lasyans ak done pou gide desizyon yo."

Premye [anonse](#) nan kad Diskou sou Sitiyasyon Eta pou ane 2021 Gouvènè a, patenarya san parèy sa a pral elaji tès yo, ki enpòtan pou kontwole pwopagasyon viris la, epi bay travayè yo plis konfyans nan sekirite espas travay yo pandan New York ap reprann ak ogmante aktivite ekonomik li yo san danje.

Nan Vil New York, uit pwopriyetè ki reprezante plis pase 100 milyon pye kare espas biwo komèsyal te deja angaje pou patisipe. Nan rejyon nò Eta New York, 13 pwopriyetè ki kouvri zòn Rejyon Kapital, Buffalo, Rochester ak Syracuse te afime angajman yo pou elaji aksè ak tès pou lokatè yo. Empire State Development kontinye travay avèk mèt pwopriyete komèsyal adisyonèl yo pou elaji pwogram nan.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Eric Gertler te deklare, "Eta New York rete konsantre sou rekonstriksyon ekonomi eta a apre pandemi COVID-19 la. Nouvo patenarya sa a avèk patisipan imobilye komèsyal yo pral ede plis konpayi fè tranzisyon pou anplwaye yo

tounen nan biwo pandan sa ap sipòte ekosistèm ti biznis yo ki konte sou kliyan ki travay nan espas travay lokal yo".

Mèt pwopriyete komèsyal k ap patisipe yo gen ladan:

Vil New York

- Brookfield Properties
- L&L Holding Company
- Related Companies
- RXR Realty
- Rudin Management Company
- SL Green Realty Corp.
- Tishman Speyer
- Vornado

Buffalo

- Iskalo Development Corp.
- Savarino Properties, LLC
- Uniland Development Company

Rejyon Kapital

- Galesi Management Group
- Omni Development Company, Inc.
- First Columbia, LLC

Rochester

- Buckingham Properties
- Gallina Development
- Gordon & Napatow Families
- Three City Center Partners

Syracuse

- Sutton Real Estate
- VIP Structures
- JF Real Estate

New York te nan avangad devlopman kapasite tès pandan kriz COVID-19 la, ki mennen nan plis pase 200,000 tès pa jou an mwayèn, epi tès se pral kle pou kontinye re-ouvri ekonomi a san danje, sa k ap pèmèt Nouyòkè yo rekonstwi pi byen. Patenarya Biwo San Danje pou COVID la fonde sou dènye lansman [Pwogram Tès Rapid New York Forward](#) la, yon patenarya piblik-prive san parèy pou fè tès rapid bon mache ki disponib pou piblik la pou sipòte aktivite ekonomik ki ranfòse pandan Eta a kontinye re-ouvri sektè yo pou ekonomi an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)